



# Pwopozisyon pou **Lekòl Segondè Espesyalize**

**Fè admisyon nan Lekòl Segondè Espesyalize  
yo vin pi egalego pou tout elèv**

# **Lekòl Segondè Espesyalize yo se:**

- The Bronx High School of Science
- The Brooklyn Latin School
- Brooklyn Technical High School
- High School for Mathematics, Science and Engineering at City College of New York
- High School of American Studies at Lehman College
- Queens High School for the Sciences at York College
- Staten Island Technical High School
- Stuyvesant High School

Yon nevyèm Lekòl Segondè Espesyalize se LaGuardia High School, limenm, li pa fè pati pwopozisyon sa a.

# OBJEKTIF

**Konsidere plis  
pase yon sèl  
egzamen**

**Kenbe fòs  
akademik lan**

**Ogmante  
divèsite**

# Pwosesis admisyon ki pi bon ak pi jis:

- **Itilize plizyè faktè— men pa Egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT) yo— pou fè elèv òf.**
  - Yon sèl egzamen se pa sèl bagay ki ka montre potansyèl elèv.
  - Vil Nouyòk se sèl distri nan peyi a ki aksepte elèv dapre yon sèl egzamen.\*
- **Kenbe fòs akademik Lekòl segondè espesyalize yo (Specialized High Schools, SHS)**
- **Ogmante divèsite nan Lekòl segondè espesyalize yo.**
  - An 2016, 50% òf SHS te ale jwenn elèv ki te nan 4% lekòl presegondè sèlman nan tout Vil Nouyòk. Nou vle pou elèv ki ale nan SHS yo soti nan lekòl presegondè atravè vil la epi pou yo reflekte pi byen popilasyon divès vil la.
  - Elèv nwa ak elèv latino konpoze 68% popilasyon lekòl segondè NYC, men se sèlman 9% nan elèv sa yo yo ofri plas.
  - Elèv ki soti nan fanmi rantrè ekonomik yo ba konpoze 75% popilasyon lekòl segondè NYC, men se sèlman 40% nan elèv sa yo yo ofri plas.

**Kisa  
pwopozisy  
on an ye?**

## KOUNYE A

**Ogmante 20%  
plas nan  
pwogram  
Discovery a**

**Vize elèv nan  
lekòl pòv  
anpil yo**

# Premye pati

- Kòmanse ogmante 20% plas nan pwogram Discovery nan chak SHS.

Pwogram Discovery a se yon pwogram ranfòsman ki ede elèv ki gen mwens avantaj, ki briye lekòl pou yo jwenn admisyon nan SHS.

### Elèv ap elijib si yo reyini tout twa kritè sa yo:

- 1 Fè nòt ki jis yon ti jan pi ba pase nòt pi ba yo aksepte nan SHSAT a.
- 2 Se elèv ki gen mwens avantaj dapre lajan lakay yo antre, sitiyasyon lojman yo, oswa kondisyon yo kòm elèv k ap aprann lang anglè.
- 3 Nan yon lekòl ki pòv anpil.

Yon lekòl trè pòv gen yon endis ekonomik (Economic Need Index, ENI) omwen 60%. Sa bay yon estimasyon pousantaj elèv ki nan lekòl la ki nan kondisyon ekonomik trè difisil. Gade ENI nenpòt lekòl nan tablo (Dashboard) ranman lekòl la: [tools.nycenet.edu/dashboard/](https://tools.nycenet.edu/dashboard/).

# APRE

**Elimine  
SHSAT a  
ofiamezi**

**Of yo al jwenn  
pi bon elèv yo**

## Dezyèm Pati

- Pandan twa ane, elimine SHSAT ofiamezi.
- Fè òf SHS bay 7% elèv ki nan tèt chak lekòl presegondè leta DOE.
  - Y ap klase elèv dapre (1) nòt yo fè nan klas 7yèm ane pou egzamen leta ELA ak matematik eta Nouyòk (2) nòt yo fè nan klas 7yèm ane pou kou anglè, matematik, syans sosyal ak syans an konparizon avèk lòt elèv nan klas yo.\*
  - Y ap klase elèv nan lòd dapre ran yo pou yo ka pran pi bon elèv nan chak lekòl.
  - Pou elèv resevwa òf, pi bon elèv nan chak lekòl yo dwe klase tou pami pi bon 25% elèv nan vil la.

Lwa aktyèl eta Nouyòk mande egzamen SHSAT a kòm sèl kritè pou admisyon nan SHS. Pou nenpòt nan chanjman sa yo antre ann efè, lejislati nan eta Nouyòk dwe vote pou chanje lwa eta a.

# APRE

Elimine  
SHSAT a  
ofiamezi

Of yo al jwenn  
pi bon elèv yo

## 2yèm pati: Pwopozisyon pou elimine egzamen an ofiamezi

### Y ap fè òf yo...

1ye  
ane

Anpremye pou: 3% elèv ki antèt nan chak lekòl presegondè (~25% òf yo)  
Aprè pou: Elèv ki kalifye atravè SHSAT (~75% òf yo)



2yem  
ane

Anpremye pou: 5% elèv ki antèt nan chak lekòl presegondè (~50% òf yo)  
Aprè pou: Elèv ki kalifye atravè SHSAT (~50% òf yo)




3yem  
ane

Anpremye pou: Premye 7% elèv nan chak lekòl presegondè (~90% òf yo)  
Aprè pou: Elèv lekòl prive, elèv ki fèk antre nan Vil Nouyòk, ak nenpòt lòt elèv ki enterese aplike nan SHS avèk yon mwayèn kou minimòm 93% (A-). Elèv sa yo ap patisipe nan yon lotri pou nenpòt lòt plas ki rete. (~10% òf yo)



**Sa vle di se pa apati SHSAT a yo pral fè elèv òf ankò.**




DOE ap kalkile ran chak elèv lekòl presegondè.  
Lekòl ak elèv p ap bezwen pou bay okenn lòt enfòmasyon.

**Kisa  
pwopozisyon sa  
a ap akonpli?**




# SOU PLAN AKADEMIK

7% elèv ki antèt  
nan lekòl  
presegondè yo gen  
dosye akademik ki  
sanble avèk elèv ki  
resevwa òf  
SHSAT yo



**Elèv yo  
fè òf  
kounye a**


- Mwayèn GPA: 94%
- Nivo metriz egzamen eta yo 4.1




**7% elèv  
lekòl  
presegon  
dè ki  
antèt yo**

- Mwayèn GPA: 94%
- Nivo metriz egzamen eta yo 3.9

## **Klasman rannman**



## **Nòt mwayèn**




**Elèv yo fè òf kounye a, ak 7% elèv ki antèt nan lekòl presegondè yo fè nòt ki sanble nan egzamen eta yo ak nan kou klas yo**

# SOU PLAN JEWOGRAFIK



2 fwa  
ogmante nan  
reprizantasyon  
lekòl presegondè

4 fwa  
ogmante òf pou  
elèv nan Bronx

## Òf kounye a dapre lekòl



## Premye 7% òf dapre lekòl




# SOU PLAN DEMOGRAFIK

Demografik SHS  
yo pral vin reflekte  
plis imaj  
demografik nan  
NYC

36%  
pwen ogmante  
nan òf pou elèv  
nwa ak latino

18%  
ogmante òf  
pou elèv fi

Demografik dapre ras




# POVRETE

**21%**  
pwen  
ogmante nan  
òf pou elèv  
paran antre  
ekonomik ba

Ap gen yon  
ogmantasyon  
nan tout  
gwoup elèv  
nivo  
defavorize  
sou plan  
ekonomik

Pousantaj elèv k ap viv nan povrete dapre ras



# LANG OU PALE LAKAY OU

Plis divèsite lang elèv pale lakay yo reprezante nan SHS

Egzanp nou yo montre yon ogmantasyon nan elèv ki soti nan gwoup etnisite ki pale lang sa yo:

**Azyatik**  
Oudou, Tagalog (Filipino)


**Afriken**  
Fransè, Fulani, Twi, Mandinka, ak Soninke

**Karayib/Latino**  
Kreyòl Ayisyen, Panyòl

**Orijin Ewòp (blan)**  
Albanyen, Polonè

**Mwayenn Oryan**  
Arab

Lang ki antèt nan lang ki pa anglè elèv pale lakay yo



Lang sa yo ki pa anglè, ki reprezante nan egzanp sa a, reflekte pi plis lang natifnatal elèv klas 8yèm ane atravè vil la.

# NOU SE

Ogmante  
edikasyon pou  
debitan

Ofri plis kou  
ki solid

Ogmante  
finansman  
lekòl

## Ki lòt bagay n ap fè?

### Chans egalego ak ekselans pou tout moun

- Kalandriye Chans egalego ak ekselans pou tout moun (Equity and Excellence for All) ap bati yon wout pou reysit nan kolèj ak karyè pou tout elèv.
  - Elèv nou yo kòmanse lekòl pi bonè, avèk bonjan kalite edikasyon gratis, tout jounen pou timoun laj twazan ak katran, atravè pwogram **3-K pou tout Moun** ak **Pre-K pou tout Moun**.
  - Lekòl nou yo ranfòse konesans ak enstriksyon fondamantal pi bonè, avèk **Alfabetizasyon inivèsèl** ak **Aljèb pou tout Moun**.
  - Lekòl nou yo ofri elèv kou ki pi solid, pratik ki mache avèk kolèj ak karyè avèk **Syans enfòmatis pou tout Moun** ak **AP pou tout Moun**.
  - Nou envesti **\$350 milyon dola chak ane** nan “Finansman egal pou elèv” pou lekòl leta NYC.
- Ki pwogrè nou fè?
  - **Pi gwo to gradyasyon nou janm genyen** – 74.3% Pwomosyon 2017.
  - **Pi gwo to elèv ki kontinye lekòl apre lekòl segondè nou janm genyen** – 57% Pwomosyon 2016.
  - **Pi gwo to preparasyon pou kolèj nou janm genyen** – 64% Pwomosyon 2017.
  - Elèv Vil la **kontinye amelyore nan egzamen Eta ELA ak Matematik** epi fè **pi gwo nòt pase lòt elèv parèy yo nan Eta Nouyòk** nan egzamen Eta ELA a pou premye fwa an 2016. Depi 2013, pousantaj elèv ki metrize lang anglè nan Vil Nouyòk ogmante 54%.

Atravè inisyativ sa yo, nou sou wout pou nou asire, rive ane 2026 pou pi ta, 80% elèv nou yo pral gradye lekòl segondè alè, epi de tyè elèv nou yo ap pare pou kolèj.

# Kisa k ap fèt apre?



**Nou angaje avèk gwoup kominote, gwoup k ap defann dwa moun, ak gwoup ansyen elèv atravè Vil la pou nou ka konprann bezwen ki genyen yo pi byen, tandè pwoblèm, epi rasanble opinyon sou pwopozisyon sa a.**

Lejislati Eta Nouyòk dwe vote ak apwouve chanjman nan admisyon nan SHS nan sesyon lejislativ k ap vini an.

**Kèlkeswa chanjman an nan nenpòt lwa eta a, n ap antame premye pati plan nou an—agrandi pwogram Discovery—pou ete 2019 la.**

Ou gen kesyon? Imèl [diversity@schools.nyc.gov](mailto:diversity@schools.nyc.gov)